йўллари, ўзига ҳос тасвирлаш усуллари, қаҳрамонлар образларини яратишдаги бадиий изланишлари билан маҳорати кенг талқин қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье в качестве объекта исследования были взяты повести «Кимга кеч, кимга тонг сахар», «Сўнги овчи» известного публициста-писателя Ш.Уснатдинова. Анализируется каким образом писатель вошёл в каракалпакскую прозу через художественную школу публицистики, своеобразные индивидуально-авторские способы описания, художественно-изобразительные поиски и мастерство в создании образов героев.

**SUMMARY**

The object of the article is the stories «Whom it's late, whom it's a dawn», «The last hunter» by the famous writer-publicisth Sh.Usnatdinov. There have been analyzed haw the writer entered the Karakalpak prose through the artistic publicistic school, the author's individual ways of deseription, artistic search and shill in the creation of heroes' images.

## ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ИНСАН КОНЦЕПЦИЯСЫ ТИПОЛОГИЯСЫ

**М.Д.Бекбергенова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: образ, ҳикоя, повесть, роман, инсонийлик, поклик, фидойилик.
**Ключевые слова**: образ, рассказ, повесть, роман, человечность, чистота, преданность.
**Key words**: image, story, story, novel, humanity, purity, devotion.

XX әсир қарақалпақ әдебиятының ири тулғасы, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергенов өз көркем дөретпелери менен дүнья халықларына аты танылған прозаик.

Т.Қайыпбергенов өзиниң гүрриңлери, повестьлери, романлары ҳәм драмалық, публицистикалық шығармалары менен XX әсир қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Оның көркем дөретпелери өзбек, рус, қазақ, түркмен, қырғыз, украин, молдаван, эстон, инглис, поляк ҳәм басқа да тиллерде басылып шықты.

Т.Қайыпбергенов XX әсирдиң 50-жылларының екинши ярымынан баслап қарақалпақ прозасында аты мәлим бола баслаған жазыўшы. Жазыўшының «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестьлери, «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Көздиң қарашығы», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» дәстүрий романлары менен «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен», «О дүньядағы атама хатлар» роман-эсселери ҳәм «Фамилия», «Айдос баба», «Саҳра бүлбили» сыяқлы драмалық дөретпелери бар.

Қарақалпақ әдебиятын раўажландырыўға қосқан үлеслерин баҳалап, жазыўшы Т.Қайыпбергеновқа Қарақалпақстан халық жазыўшысы (1974), Өзбекстан халық жазыўшысы (1993), Бердақ атындағы (1967), Ҳамза атындағы (1971), Махмуд Қашғарий атындағы (1995), Михаил Шолохов атындағы (2004) мәмлекетлик ҳәм халықаралық сыйлықлардың лауреаты атақлары берилди. Ол 2003-жылы Өзбекстан Қаҳарманы болыўға миясар болды.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги бойынша ҳәр түрли аспектте илимий изертлеўлер исленди. Оның дөретиўшилиги бойынша академик М.К.Нурмухамедов, филология илимлериниң докторлары Қ.Мақсетов, Қ.Султанов, З.А.Насруллаева, Қ.Камалов, С.Баҳадырова, К.Алламбергенов, филология илимлериниң кандидатлары Ж.Нарымбетов, Т.Қурбанбаева, Ә.Қожықбаев ҳәм т.б. илимий мийнетлери бар.

Жазыўшы Т.Қайыпбергенов XX әсир қарақалпақ миллий прозасына айтарлықтай дәрежеде салмақлы үлеслер қосып, раўажландырыў менен бирге, қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң баслы бағдардағы изертлеў объекти болды. Жазыўшының прозасы илимий жумыслардың орайы болыўға турарлық. Жазыўшының дөретиўшилиги, өзбек, қырғыз, рус әдебиятшылары тәрепинен де жоқары баҳаланды. Ш.Айтматов, А.Арипов, Ә.Якупов, З.С.Кедрина, П.Шермухамедов, М.Ломунова ҳәм т.б. Т.Қайыпбергеновтың ири прозалық дөретпелерине ҳәм оның жаратқан образларына өзлериниң пикирлерин билдирген.

Т.Қайыпбергенов өзи жасаған, XX әсирдиң барлық тарийхый басқышларының гүўасы болған. Соның ушын да ол көркем дөретиўши сыпатында өткен бурынғы аўқамның тарийхый ўақыяларын өз шығармаларында сәўлелендирмеўи мүмкин емес еди. XX әсирдеги қарақалпақ халқының тарийхы, басынан кеширип өткен турмысы бойынша жазылған «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Уйқысыз түнлер», «Суўық тамшы», «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақ қызы», «Көздиң қарашығы», «О дүньядағы атама хатлар» сыяқлы повесть ҳәм романлары бул тарийхый дәўирдиң талапларына жазыўшының берген жуўаплары еди.

Т.Қайыпбергеновтың дөреткен көркем образлары Атамурат, Жийемурат, Жумагүл, Турымбет, Маман бий, Айдос бий, Ерназар алакөз, Аманлық, Алмагүл ҳәм т. б. ҳақыйқатлық жағдайлардан жаратылған реалистлик образлар болғаны ушын да көркем әдебият сыншылары тәрепинен ҳәр түрли баҳаланып, тартыслы пикирлерди де туўдырған. Егер де, жазыўшының дөреткен образлары турмыстан алынбаған жасалма тулғалар болғанда, баспа сөзде ҳеш қандай пикир айтылмаған да болар еди. Ҳақыйқатында да, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик шеберлиги соннан ибарат - оның жаратқан ҳәр бир образы, ҳәр бир характери оқыўшылар ҳәм әдебият сыншылары арасында барлық ўақытта басқа қарақалпақ прозаиклерге усамайтуғын өзгеше бир «сырлы жумбақ» туўдырды, көплеген пикир таласларының келип шығыўына себепши болды. Бул жазыўшыдағы ой-пикирлердиң тереңлигинен, жазыўшылық көркем шеберлигинен дерек беретуғын қубылыс.

Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ жазыўшысы сыпатында бизиң әдебиятымызға алып келген ири үлеси ҳәм жаңалығы - қарақалпақ халқының ески тарийхын биринши болып көркем әдебиятта, соның ишинде прозаның ири формасы болған романда жаратты. Дүнья әдебияты тарийхы менен салыстырғанда Т.Қайыпбергеновтың қарақалпақ халқының тарийхын кең формада көркем сөзде жаратып, қарақалпақ тарийхый романына тийкар салыўдағы хызмети XIX әсир Батыс Европа әдебиятындағы Вальтер Скоттың, XIX әсирдеги рус әдебиятындағы Лев Толстойдың, XX әсир ҒМДА халықлар әдебиятындағы А.Толстой, Айбек, М.Аўезов көркем әдебияттағы орынлары менен бир қатарда турады. Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясын дөреткени ушын бурынғы Аўқам мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды. Жазыўшы Т.Қайыпбергенов Маман бий, Айдос бий, Қумар аналық ҳәм басқа да қаҳарманлардың образларын жоқары дәрежедеги көркемлик-шеберлик пенен дөреткен. Т.Қайыпбергеновтың усы тарийхый трилогиясындағы айырым эпизодлар ҳәм қаҳарманлар ҳаққында халық арасында түсинбеўшилик пикирлер болған. Бизиң пикиримиз бойынша, жазыўшы Т.Қайыпбергенов бул образлар менен эпизодларды өз халқын масқаралаў ушын емес, ал, керисинше ата-бабаларымызды улығлаў, тарийхтың аўыр, қыян-кески келбетин ашып бериў мақсетинде өз шығармаларында утымлы қолланылған. Бундай сыпатлы белгилерди көркем әдебият теориясында жазыўшының шеберлик машқаласына байланыстырады. Жазыўшы бундай бизиң әдебиятымыз ушын дәстүрий емес «ерси» сүўретлеўлер арқалы қарақалпақ халқы басынан сондай аўыр турмысты өткерсе де урыс, апатшылық, жоқшылық, теңсизлик, ашлық, әбигершилик ақыбетлерине дуўшакер болса да, ҳәттеки, айырым адамлар туўысқанларын жойтып алыў, танымай кетиў жағдайларына гириптар болса да, халық барлық ўақытта өзиниң халықлығын, миллий салт-санасын, ар-намысын, миллий генефондын таза сақлап қала алған. Бул халық усынысы менен ҳасылзада ҳәм батыр халық деген пикирди көркемлеп айтпақшы болады.

Әдебияттаныў илиминде характерге мынандай анықлама берилген: «character» - грек тилинен алынған болып, белги, өзгешелик деген мәнисти билдиреди, яғный әдебий характер-бул көркем шығарманың мазмун ҳәм формасының өзгешелигин белгилейтуғын көркем сөз өнериндеги инсанның сүўретлениўи [6: 241].

Әлбетте, әдебияттағы қаҳарман характери турмыстағы адам характеринен мәлим дәрежеде ажыралып турады. Жазыўшы характерди дөрете отырып, онда ҳақыйқый реаль тарийхый адамның белгилерин сәўлелендириўи мүмкин, бирақ,

әдебий характер - идеологиялық қубылыс, ол жазыўшының фантазиясынан дөретиледи ҳәм характер арқалы турмысты изертлеў, оны баҳалаў ҳаққында образлы көз-қарас сәўлеленеди.

Әдебияттың миллий өзгешелигин белгилеў қаҳарманның индивидуаль характери арқалы шешиледи, ақыры әдебияттың бас предмети адам, ал ҳәр бир халық әдебиятының өзиншелиги, сол сүўретлеп отырған адамның өзиншелиги болып табылады.

Т.Қайыпбергеновтың прозасындағы дөретилген ҳәр бир қаҳарман «Қарақалпақ қызы»ндағы Жумагүл, «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясындағы Маман бий, Айдос баба, Ерназар алакөз, Қумар аналық - булар бизиң миллий әдебиятымыздағы миллеттиң руўхый дүньясындағы бар мәртлик, садықлық, қайсарлық, халықтың миллий ғәрезсизлиги ушын өз жанын аямаған гүресшеңлик - булар қарақалпақ халқы ўәкиллерине тән миллий характерлер болып табылады.

Жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың XX-XXI әсир қарақалпақ прозасына алып келген жәнe бир дөретиўшилик өзгешелиги - оның философиялық характердеги көркем сөз дөретпелери: «Қарақалпақнама», «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», «О дүньядағы атама хатлар», «Түркийнама», «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен». Егерде, дүнья халықлар әдебияты контексти менен салыстырып дыққат аўдарғанда, француз жазыўшысы Мишель де Монтеньниң «Опыты» («Тәжирийбелер»), рус жазыўшылары Герцен, Л.Н.Толстой, өзбек халқының атақлы шайыр ҳәм жазыўшысы Захириддин Муҳаммед Бабурдың мемуар ҳәм эссе формасындағы шығармалары менен типологиялық аспектте изертлеўге болады.

Әдебият теориясынан мәлим болғанындай, көркем шығарманың атамасы жазыўшының айтажақ идеясын аңлатады. Жазыўшының «Көздиң қарашығы» романының атамасы да оның айтажақ ой-пикиринен ғәрезли келип шыққан. Бул романда «Пәк ҳүждан-әлеминиң көзқарашығы, әлемниң көзқарашығын қорғаў ҳәр бир инсанның парызы ҳәм қарызы» деген қатарлар автордың «Көздиң қарашығы» романының идеялық мазмунын ашып береди. [2: 185] Соның менен бирге, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың улыўма барлық дөретпелериндеги жазыўшылық инсанийлық кредосын аңлатады. Яғный, инсан ҳәмме ўақыт ҳүжданның пәклигин сақлап жасаў керек.

Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қарқалпақпан. Тәўекелшимен» дөретпесиниң пайда болыўы жазыўшы дөретиўшилигиниң эволюциялық өсиў жолы менен байланыслы. Дәслеп киши формадағы гүрриңлерден баслап лирико-психологиялық повестьлерге, оннан кейин ири көлемдеги роман-дилогия, трилогиялардың жазылыўы автордың көркем ойының, жазыўшылық көзқарасының толысып тереңлесиўине, оның дөретиўшилигинде жаңа-жанрлық ҳәм стильлик өзгешеликлердиң раўажланыўына алып келди. Жазыўшы өзиниң әдебий-эстетикалық көзқарасына сай қарақалпақ прозасына жаңа формалар да алып келди: эссе, интервью, гүрриңлесиў, ядқа түсириў ҳәм т.б.

Жазыўшы Т.Қайыпбергенов повесть ҳәм романларында қарақалпақ халқының миллий өзгешелигин ири образларда дөреткен болса, соңғы жыллардағы дәстүрий емес жаңа формалық шығармаларында да халықтың ҳадал перзенти сыпатында миллеттиң уллылығын көрсетпекши болды. Соның ушын да ол кейинги дөретпелеринде қарақалпақты «ҳеш нәрседен тайсалмайтуғын, қорықпайтуғын, батыр»-тәўекелши деп көрсетти. [2: 535]

Т.Қайыпбергенов XX әсир қарақалпақ прозасы тарийхында эссе, интервью, ядқа түсириў сыяқлы көркем сөз формаларының да тийкарын салыўшы сыпатында тән алынды.

**Әдебиятлар**

1. Алламбергенов К. Кең дүньяға қушақ ашқан жазыўшы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018.
2. Алламбергенов К., Оразымбетов Қ., Пахратдинов Ә., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. -Ташкент: «Сано-стандарт», 2018.
3. Қайыпбергенов Т. Шығармалары. V-томлық. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979, 1980.
4. Ломунова М. Тайна древней степи. -Нөкис: «Билим», 2007.
5. Нурмухамедов М.К. Шығармалары II том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
6. Словарь литературоведческих терминов. –Москва: 1974.
7. Султанов К. Т.Қайыпбергеновтың прозасы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Ўзбекистон ва Қорақалпоғистон халқ ёзувчиси, XX аср қорақалпоқ прозасининг етакчи прозаиги Т.Қайипбергенов ижодида инсон образининг яратилиши, инсонларга хос одамийлик, оқ кўнгиллик, ҳалоллик, яхшилик ва ёмонлик, инсон оламининг кенглиги ва торлиги тасвирланиши таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изучаются вопросы создания образа личности в творчестве народного писателя Узбекистана и Каракалпакстана ведущего прозаика каракалпакской прозы XX века Т.Каипбергенова. Анализируются такие качества как человечность, чистота души, правдивость, честность, добро и зло, широта внутренного мира, а также узость человеческого взгляда в некоторых понятиях.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of creating a person's image in the creative work of the people's writer of Uzbekistan and Karakalpakstan, the great writer of the XX th century Karakalpak prose T.Kayipbergenov. There have been analysed such qualities as humanity, purity of soul, truthfulhess, honesty, good and evil, the broadness of the inner world of a person, as well as the narrowness of the human look in some concepts.

## И.ЮСУПОВ ПОЭМАЛАРЫНДА МЕТОНИМИЯЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Д.К.Ержанова –** *докторант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ тили, поэма, И.Юсупов, метонимия.
**Ключевые слова:** каракалпакский язык, поэмы, И.Юсупов, метонимия.
**Key words:** Karakalpak language, poem, I.Yusupov, metonymy.

И.Юсупов ҳәзирги қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына ҳәм оның жаңа шыңларға көтерилиўине өз шығармалары менен үлкен үлес қосты. И.Юсуповтың шығармаларын оқып қарағанымызда өткир образлы, тереңидеялы екенин көремиз. Ол ҳәр бир шығармасында сүўретленген ўақыяны, қубылысты оқыўшының ядында қалдырыў ушын образлы қатарлар менен шебер сүўретлеген.

Метонимиялық усыл арқалы сөз мәнисиниң аўысыўы ҳәзирги қарақалпақ тилиниң лексикологиясында сөздиң көп мәнилигин байытыўдың ең әҳмийетли дереклериниң бири болып табылады. Бул усыл арқалы пайда болған мәни тек аўысқан мәни ғана болып қоймастан, соның менен бирге, көбинесе образлы да мәни болып келеди. Метонимия да, метафора усап, көркем шығармаларда көркем сүўретлеўдиң белгили қураллары сыпатында хызмет етеди. Сонлықтан көркем сөз шебери метонимия арқалы аўысқан мәнили сөзлерден жийи пайдаланады, сол арқалы стильлик өзгешеликлерди, образлылықты, мәни өткирлигин дөретип отырады.

Метонимия И.Юсупов поэмаларында стильлик мақсетлерде кең қолланылған.

Еки жүк машина сергиздан болды,
Үргин *ақ пердесин* тутты алдынан.
Жүрис жүрис емес мысал ойындай,
Арқаңда ес-түссиз *жас геўде* жатыр.
Химия тилсимлерин келтирип тилге,
Ҳәр куняға кирип *қазан қайнатар*.
Қандай ҳәзлик! Кеңлик, күн, таза ҳаўа,
Сәлем, романтиклер, самалдай еркин,
Сырттан қарағанда усылай, аўа,
Азлап *прозасы* бар шығар лекин.
*Бәҳәр булты жуўып* даланың кирин,